

# CHAPIT ES.

## Rezime Egzekitif

Vil Boston (Vil la) te angaje sèvis BBC Research & Consulting (BBC) pou fè yon *etid sou inegalite* pou evalye si gen nenpòt obstak ki egziste ki rann li pi difisil pou minorite – ak biznis fanm posede fè konpetisyon pou kontra ak akizisyon Vil la.<sup>1</sup> Vil la mete sou pye yon Pwogram Konpayi Ti Biznis lokal yo [Small Local Business Enterprise (SLBE)] pou ankouraje patisipasyon ti biznis yo, biznis minorite posede, ak biznis fanm yo posede nan kontra vil la. Pou fè sa, Vil la itilize *divès kalite mezi ki pa fonde sou ras ak sèks*. Nan kontèks kontra ak apwovizyonman, mezi ki pa fonde sou ras ak sèks yo se mezi ki fèt pou ankouraje patisipasyon ti biznis yo nan yon kontra òganizasyon gouvènman, kèlkeswa ras/etnisite oswa sèks pwopriyetè biznis lan. Kontrèman *avèk mezi ki pa fonde sou ras, ak sèks ak mezi ki teni kont de ras ak sèks ki fèt spesyalman pou ankouraje patisipasyon minorite ak biznis fanm posede nan kontra gouvènman an*. Vil la aktyèlman pa itilize okenn mezi ki teni kont de ras oswa sèks nan kad pwogram SLBE la.

Nan kad etid sou inegalite, BBC te evalye si te genyen nenpòt inegalite ant:

- Pousantaj kontra ak acha ke vil la oktwaye a minorite- ak biznis fanm yo posede ant 1<sup>ye</sup> Jiyè 2014 ak 30 Jen 2019 (sètadi., *itilizasyon*); ak
- Pousantaj kantra ak apwovizyonman ke minorite- ak biznis fanm yo posede ta ka espere resevwa baze sou disponiblite yo pou egzekite kalite ak gwosè spesifik kontra prensipal Vil la ak sou-kontra yo (sètadi., *disponiblite*).

BBC te evalye tou lòt enfòmasyon kantitativ ak kalitativ ki gen rapò avèk:

- Fondasyon legal ki gen rapò avèk pwogram SLBE lan;
- Kondisyon mache lokal pou biznis fanm yo posede ak minorite yo;
- Pratik kontra ak pwogram asistans biznis ke Vil la gen anplas aktyèlman.

Vil la ka itilize enfòmasyon ki nan etid la pou ede amelyore aplikasyon li nan Pwogram SLBE a, sa ki gen ladan mete yon objektif aspirasyon anjeneral pou patisipasyon biznis fanm yo posede ak minorite yo nan kontra ak acha vil la epi detèmine ki mezi pwogram pou itilize pou ankouraje patisipasyon biznis sa yo. BBC rezime enfòmasyon kle ki gen nan Etid sou Inegalite Vil Boston 2020 nan senk pati:

A. Analiz nan etid sou inegalite a;

---

<sup>1</sup> "Biznis fanm-posede" refere a biznis fanm blan ki pa panyòl posede. Enfòmasyon ak rezulta pou biznis fanm posede ak minorite enkli avèk gwoup rasyal/etnik ki koresponn yo.

- B. Rezulta analiz sou disponiblite;
- C. Rezulta analiz sou itilizasyon;
- D. Rezulta analiz sou inegalite; ak
- E. Aplikasyon Pwogram.

#### **A. Analiz nan Etid sou Inegalite**

Anplis de mezire inegalite ant patisipasyon ak disponilite biznis minorite – ak biznis fanm yo posede pou kontra ak apwovizyonman nan vil la, BBC te egzamine tou lòt enfòmasyon ki gen rapò avèk aplikasyon Pwogram SLBE Vil la:

- Etid la te fè yon analiz sou règleman federal, eta, ak règlementasyon lokal yo; jirispridans; ak lòt enfòmasyon pou gide metodoliji pou etid sou inegalite a. Analiz la te gen ladan yon revizyon sou egzijans legal pou pwogram biznis fanm posede – ak minorite (gade Chapit 2 ak Anèks B).
- BBC te fè yon analiz sou kantite rezulta pou biznis fanm posede ak minorite *nan tout zòn mache grafik konsène a (RGMA)*.<sup>2</sup> Anplis, ekip etid la te kolekte enfòmasyon kalitativ sou obstak potansyèl ke minorite ak biznis fanm yo posede konfronte sou mache lokal la pa mwayen entèvyou apwofondi, sondaj pa telefòn, reyinyon piblik, ak temwayaj alekri (gade Chapit 3, Anèks C, ak Anèks D).
- BBC te analize pouvantaj lajan kontra enpòtan vil la ke minorite ak biznis fanm yo posede disponib pou pèfòme. Analiz sa te baze sou sondaj telefòn ke ekip etid la te konplete avèk preske 800 biznis kap travay nan endistri ki gen rapò avèk kalite konstriksyon spesifik, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti kontra ke Vil la oktwaye (gade Chapit 5 ak Anèks E).
- BBC te analize lajan ke minorite ak biznis fanm yo posede te resevwa nan plis pase 47,000 konstriksyon, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la (gade Chapit 6).
- BBC te egzamine si te gen nenpòt inegalite ant patisipasyon ak disponiblite minorite – ak biznis fanm yo posede sou konstriksyon, konsepsyon konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti kontra ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la (gade Chapit 7).
- BBC te revize mezi yo ke Vil la itilize pou ankouraje patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede nan kontra li yo ansanm avèk mezi ke lòt òganizasyon ozalantou Boston yo itilize (gade Chapit 8).
- BBC te bay direktiv ki gen rapò avèk opsyon pwogram adisyonèl ak potansyèl chanjman nan Pratik kontra aktyèl pou konsiderasyon Vil la (gade Chapit 9).

---

<sup>2</sup> BBC te idantifye zòn mache jeyografik enpòtan pou etid sou inegalite tankou konte Norfolk, Suffolk, Plymouth, Middlesex, ak Essex nan Massachusetts.

## B. Rezulta sou Analiz Disponiblite

BBC te *utilize yon apwòch resansman pèsonalize* pou analize disponiblite minorite ak biznis fanm posede biznis pou kontra prensipal yo nan vil la ak sou-kontra yo, ki te konte sou enfòmasyon ki soti nan sondaj ke ekip etid la te fè ak biznis ki kapab disponib nan RGMA ak enfòmasyon sou kontra ak acha yo ke Vil la bay pandan peryòd etid la. Apwòch sa a pèmèt BBC devlope yon reprezantan, san patipri, e ki valab statistikman baz done biznis empòtan yo pou estime disponiblite minorite ak biznis fanm yo posede pou travay Vil la. BBC prezante rezulta analiz disponiblite pou travay Vil la anjeneral ak pou diferan soutès kontra ak acha yo.

Gwooup biznis	Disponiblite %
Biznis fanm blan ki pa Panyòl posede	11.2 %
Azyatik Ameriken posede	0.7 %
Afriken Ameriken posede	3.6 %
Panyòl Ameriken posede	1.2 %
Natif natal Ameriken osede	0.1 %
Total minorite posede	5.7 %
<b>Total minorite ak biznis fanm posede</b>	<b>16.9 %</b>

**1- Tout kontra ak acha yo.** Figi ES-1 prezante estimasyon sou disponiblite pondere an dola pa gwooup biznis pou tout Kontra ak acha yo nan Vil la. Anjeneral, disponiblite pou minorite – ak biznis fanm yo posede pou travay Vil la se 16.9 poustan, endike ke biznis fi yo posede ak minorite yo kapab atann pou resevwa 16.9 poustan nan lajan kontra ak apwovizyonman ke Vil la oktwaye nan konstriksyon, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti yo.

**Figi ES-1.**  
**Disponiblite anjeneral estime pa gwooup sèks ak ras/etnik**

Remake:

Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 poustan e sa kapab pa koresponn egzakteman avèk total yo.

Pou w jwenn plis detay ak rezulta yo pa gwooup, gade Figi F-2 nan Anèks F.

Sous:

Analiz sou disponiblite BBC Research & Consulting.

Gwooup Biznis	Wòl Kontra	
	Kontra Prensipal	Sou-kon
Biznis fanm blan ki pa Panyòl posede	11.4 %	7.9 %
Azyatik Ameriken posede	0.7	2.0
Afriken Ameriken posede	3.5	5.6
Panyòl Ameriken posede	1.1	3.3
Natif natal Ameriken osede	0.1	0.5
Total minorite posede	5.4 %	11.3 %
<b>Total minorite ak biznis fanm posede</b>	<b>16.8 %</b>	<b>19.2 %</b>

**Figi ES-2.**  
**Estimasyon disponiblite pa wòl kontra**

Remake:

Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 poustan e sa kapab pa koresponn egzakteman avèk total yo.

Pou w jwenn plis detay, gade Figi F-12 ak F-13 nan Anèks F.

Sous:

Analiz sou disponiblite BBC Research & Consulting.

**2. Wòl kontra.** Anpil minorite – ak biznis fanm yo posede se ti biznis e kidonk souvan travay kòm sou-kontraktè. Akoz tandans sa, li nesesè pou egzamine estimasyon disponiblite separeman pou kontra ak sou-kontra yo nan Vil la. Jan li montre nan Figi ES-2, disponiblite minorite ak biznis fanm yo posede te konsidere ansanm lejèman pi elve pou sou-kontra yo nan Vil la (19.2%) pase kontra prensipal yo (16.8%).

**3. Endistri.** BBC te egzamine rezulta analiz disponiblite separeman pou konstriksyon vil la, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti kontra ak acha yo. Jan li prezante nan Figi ES-3, disponiblite minorite – ak biznis fanm yo posede te konsidere ansanm se piwo pou manchandiz ak founiti kontra Vil la (26.6%) ak piba pou kontra sèvis sipò yo (4.8%).

**Figi ES-3.**  
**Disponiblite estimasyon pa endistri**

Gwoup Biznis	Endistri				
	Konstriksyon	Konsepsyon konstriksyon	Lòt sèvis pwofesyonèl	Sèvis sipò	Machandiz ak founiti
Biznis fanm blan ki pa Panyòl posede	14.7 % 1.1	7.1 % 0.7	10.0 % 0.3	2.2 % 0.7	16.9 % 0.1
Azyatik Ameriken posede	2.6	1.8	9.7	1.3	8.5
Afriken Ameriken posede	1.2	3.2	0.1	0.6	0.6
Panyòl Ameriken posede	0.1	0.0	0.4	0.0	0.3
Natif natal Ameriken osede	5.0%	5.7 %	10.5 %	2.6 %	9.6 %
Total minorite posede					
<b>Total minorite ak biznis fanm posede</b>	<b>19.7 %</b>	<b>12.8 %</b>	<b>20.5 %</b>	<b>4.8 %</b>	<b>26.6 %</b>

Remake: Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 pousan e kidonk li ka pa koresponn egzakteman avèk total yo.

Pou w jwenn plis detay ak rezulta yo pa gwoup, gade Figi F-5 ak F-9 nan Anèks F.

Sous: Analiz sou disponiblite BBC Research & Consulting.

## C. Rezulta Analiz Itilizasyon

**Figi ES-4.**  
**Rezulta itilizasyon pou kontra ak acha  
Vil la**

Remake:

Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 pousan e kidonk li ka pa koresponn egzakteman avèk total yo.

Pou w jwenn plis detay, gade Figi F-2 nan Anèks F.

Sous:

Analiz sou itilizasyon BBC Research & Consulting.

Gwoup biznis	Disponiblite %
Biznis fanm blan ki pa Panyòl posede	8.5 %
Azyatik Ameriken posede	1.1
Afriken Ameriken posede	0.4
Panyòl Ameriken posede	0.8
Natif natal Ameriken osede	0.1
Total minorite posede	2.5 %
<b>Total minorite ak biznis fanm posede</b>	<b>11.0 %</b>

BBC te mezire patisipasyon minorite – ak biznis fanm posede nan kontra ak acha nan Vil la an tèm *itilizasyon*—pousantaj lajan ke yo te oktwaye biznis sa yo sou kontra prenispal ak sou-kontra yo pandan peryòd etid la. BBC te mezire patisipasyon minorite ak biznis fanm posede yo nan travay Vil la keseswa Vil la oswa Commonwealth Massachusetts sètifye yo.

**1. Tout kontra ak acha yo.** Figi ES-4 prezante pousantaj lajan total ke minorite ak biznis fanm posede te resevwa sou konstriksyon enpòtan, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti sou kontra ak sou-kontra enpòtan yo ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la. Jan li prezante nan Figi ES-4, minorite ak biznis fanm posede te konsidere resevwa 11.0 poustan nan kontra ak acha enpòtan ke vil la te oktwaye pandan peryòd etid la.

**Figi ES-5.**  
**Rezulta itilizasyon analiz daprè wòl kontra**

Remake:

Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 poustan e  
kidonk li ka pa koresponn egzakteman avèk total yo.

Pou w jwenn plis detay, gade Figi F-12 ak F-13 nan  
Anèks F.

Plis pase 80 poustan nan lajan sou-kontra ki te  
egzamine yo te asosye avèk sou-kontra ki gen rapò  
avèk konstriksyon.

Sous:

Analiz itilizasyon BBC Research & Consulting.

**2. Wòl kontra.** Figi ES-5 prezante rezulta analiz itilizasyon separeman pou kontra prenispal ak sou-kontra yo ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la. Jan li te prezante nan Figi ES-5, patisipasyon minorite ak biznis fanm yo posede konsidere ansamn te lejèman pi elve nan sou-kontra yo (12.3%) pase nan kontra prenispal yo (10.9%). Pami lòt faktè yo, ki te kapab akoz ke sou-kontra yo gen tandans pou yo pi piti nan gwosè pase kontra prenispal yo, epi kidonk yo kapab pi aksesib pou minorite ak biznis fanm yo posede.

Gwoup Biznis	Kontra Prenispal	Wòl Kontra	Sou-kontra
--------------	---------------------	------------	------------

Biznis fanm blan ki pa Panyòl posede	8.6 %	6.8 %	
Azyatik Ameriken posede	1.0	1.5	
Afriken Ameriken posede	0.4	1.6	
Panyòl Ameriken posede	0.8	2.4	
Natif natal Ameriken osede	0.1	0.0	
Total minorite posede	2.3 %	5.5 %	
<b>Total minorite ak biznis fanm posede</b>	<b>10.9 %</b>	<b>12.3 %</b>	

**3. Endistri.** BBC te egzamine rezulta analiz itilizasyon separeman pou konstriksyon vil la, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti kontra ak acha yo pou detèmine si patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede nan travay vil la diferan daprè endistri. Jan li prezante nan Figi ES-6, patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede konsidere ansanm te piwo pou manchandiz ak founiti acha Vil la (26.6%) ak piba pou kontra sèvis sipò yo (3.2%).

Gwoup Biznis	Endistri				
	Konstriksyon	Konsepsyon konstriksyon	Lòt sèvis pwofesyonèl	Sèvis sipò	Machandiz ak founiti
Biznis fanm blan ki pa Panyòl posede	5.5 %	12.9 %	3.4 %	2.1 %	25.5 %
Azyatik Ameriken posede	0.3	1.1	9.6	0.2	0.5
Afriken Ameriken posede	0.4	0.5	0.1	0.5	0.6
Panyòl Ameriken posede	0.3	3.8	0.5	0.5	0.7
Natif natal Ameriken osede	0.3	0.0	0.0	0.0	0.0
Total minorite posede	1.2 %	5.3 %	10.2 %	1.1 %	1.8 %
<b>Total minorite ak biznis fanm posede</b>	<b>6.7 %</b>	<b>18.2 %</b>	<b>13.6 %</b>	<b>3.2 %</b>	<b>27.3 %</b>

**Figi ES-6.**

#### Rezulta analiz itilizasyon daprè endistri

Remake: Chif yo awondi nan diyèm prè nan 1 poustan e kidonk li ka pa koresponn egzakteman avèk sòm total yo.

Pou w jwenn plis detay ak rezulta pa gwoup, gade Figi F-5 – F-9 nan Anèks F.

Sous: Analiz itilizasyon BBC Research & Consulting.

## D. Rezulta sou Analiz Inegalite


Byenke enfòmasyon sou patisipasyon minorite ak biznis fanm yo posede nan Kontra ak acha vil la nesesè pou kont li, li menm pi itil lè li konpare avèk nivo patisipasyon yon moun ka atann an fonksyon de disponiblite l pou travay sa a. Nan kad analiz inegalite a, BBC te konpare patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede nan kontra ak sou-kontra prensipal nan Vil la avèk pouvantaj kontra lajan ke biznis sa yo prevwa pou resevwa baze sou disponiblite pou travay sa. BBC te kalkile *endis inegalite* pou chak gwoup biznis enpòtan ak pou diferan seri kontra lè ou divize pouvantaj itilizasyon pa pouvantaj disponiblite ak milipliye pa 100. Yon endèks inegalite nan 100 endike yon match egzat ant patisipasyon ak disponiblite pou yon gwoup patikilye pou yon seri kontra patikilye (refere kòm *egalite*). Yon endèks egalite nan mwens pase 100 endike yon egalite ant patisipasyon ak disponiblite. Yon endèks egalite nan mwens pase 80 endike egalite *sibstansyèl* ant patisipasyon ak disponiblite.

- Tout kontra ak acha yo.** Figi ES-7 prezante inegalite pou tout endis kontra prensipal ak sou-kontra ke Vil la oktwaye pandan peryòd etid la. Liy anba sant grafik la prezante yon nivo endèks inegalite nan 100, sa ki endike egalite ant patisipasyon ak disponiblite. Gen yon liy anba ki trase tou yon nivo endèks inegalite nan 80, sa ki endike yon inegalite enpòtan. Jan li montre nan Figi ES-7, minorite ak biznis fanm posede konsidere ansanm te prezante yon endèks inegalite nan 65 pou kontra ak apwovizyonman yo ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la, sa ki endike yon sou-utilizasyon enpòtan. Tout gwoup biznis endividyle yo te montre inegalite enpòtan pou tout kontra ak acha Vil la te konsidere ansanm sof pou biznis Ameriken Azyatik yo posede (endèks inegalite nan 141) ak biznis Ameriken natif natal posed (endèks inegalite nan 100).

**Figi ES-7.**  
**Rezulta sou analiz inegalite pou tout kontra ak acha yo nan Vil la**

Remake:  
Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 poustan e kidonk li ka pa koresponn avèk sòm total yo.  
Pou w jwenn plis detay, gade Figi F-2 nan Anèks F.

Sous:  
Analiz sou inegalite BBC Research & Consulting.



- Wòl kontra.** BBC te egzamine rezulta analiz sou inegalite separeman pou kontra prensipal ak sou-kontra yo. Jan li montre nan Figi ES-8, minorite ak biznis fanm posede konsidere ansanm te montre yon inegalite enpòtan pou alafwa kontra prensipal Vil la (endèks inegalite nan 65) ak sou-kontra yo (endèks inegalite nan 64). Tout gwoup biznis endividyle yo te montre inegalite enpòtan pou kontra prensipal yo sof pou biznis Ameriken Azyatik yo posed (endèks inegalite nan 149) ak biznis Ameriken natif natal posed (endèks inegalite nan 122). Tout gwoup biznis endividyle yo te montre

inegalite enpòtan pou sou-kontra yo sof pou biznis fanm blan ki pa panyòl posede (endèks inegalite nan 86). Yon endèks inegalite nan 86 pa endike yon inegalite, byenke li pa enpòtan.

**Figi ES-8.**  
**Analiz inegalite daprè wòl kontra**


Remake:

Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 pousan e kidonk li ka pa koresponn avèk sòm egzat total yo.

Pou w jwenn plis detay ak rezulta pa gwoup, gade Figi F-12 ak F-13 nan Anèks F


Sous:

Analiz inegalite BBC Research & Consulting.



**3. Endistri.** BBC te egzamine tou rezulta analiz inegalite separeman pou konstriksyon vil la, konsepsyon konstriksyon, lòt sèvis pwofesyonèl, sèvis sipò, ak machandiz ak founiti kontra ak acha yo pou detèmine inegalite ant patisipasyon ak disponiblite ki diferan daprè kalite travay. Jan li prezante nan Fifi ES-9, minorite – ak biznis fanm yo posede konsidere ansamn te montre inegalite enpòtan pou konstriksyon (endèks inegalite nan 34); lòt sèvis pwofesyonèl yo (endèks inegalite nan 67); ak sèvis sipò kontra yo (endèks inegalite nan 66). Byenke rezulta pou gwoup biznis endividyle yo varye daprè kalite travay, tout gwoup endividyle yo te montre inegalite enpòtan sou kontra konstriksyon yo sof pou biznis Ameriken natif natal yo posede (endèks inegalite nan 200+). Biznis Afriken Ameriken yo posede te montre inegalite enpòtan nan tout kalite travay yo.

**Fifi ES-9.**  
**Rezulta sou analiz Inegalite daprè endistri**



Remake: Chif yo awondi nan dizyèm prè nan 1 poustan e kidonk li ka pa koresponn avèk sòm egzat total yo.

Pou w jwenn plis detay ak rezulta pa gwoup, gade F-5 – F-9 nan Anèks F.

Sous: Analiz sou inegalite BBC Research & Consulting.

## E. Aplikasyon Pwogram

Vil la ta dwe revize rezulta etid yo ansam avèk lòt enfòmasyon enpòtan an konekyon avèk priz desizyon sou aplikasyon I nan Pwogram SLBE a. Konsiderasyon kle pou pote amelyorasyon nan tretman jan li diskite anba. Lòt konsiderasyon ak detay yo sou aplikasyon pwogram lan prezante nan Chapit 9. Lè yap fè konsiderasyon yo, Vil la ta dwe evalye si lòt resous, chanjman nan règleman entèn, oswa chanjman nan lwa lokal oswa eta ka obligatwa.

**1. Objektif aspirasyon anjeneral.** Rezulta yo ki soti nan etid sou inegalite a—patikilyèman analiz sou disponiblite, analiz sou kondisyon mache a, ak prèv anektodik—kapab itil pou vil la nan etabli yon objektif asiprasyon anjeneral pou patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede nan kontra ak acha li yo. Analiz disponiblite endike ke minorite - ak biznis fanm yo posede kapab atann pou resevwa 16.9 poustan nan kontra ak apwovizyonman Vil la, sa ke Vil la te kapab konsidere kòm *figi debaz* nan objektif aspirasyon I anjeneral. Annplis, etid sou inegalite a bay enfòmasyon sou faktè yo ke Vil la ta dwe revize nan konsidere keseswa yon ajisteman nan figi debaz li jistifye, patikilyèman enfòmasyon sou kantite travay Vil la kote minorite – ak biznis fanm yo posede te patisipe nan tan lontan; obstak nan zòn Boston te gen rapò avèk travay, travay otonòm, edikasyon, fòmasyon, ak sendika yo; obstak nan Boston te gen rapò avèk finansman, obligasyon, ak asirans; ansam avèk lòt enfòmasyon enpòtan.

**2. Objektif spesifik-kontra.** Rezulta sou analiz inegalite endike ke pifò gwoup rasyal/etnik ak sèks—Ameriken Azyatik -, Afriken Ameriken -, Ameriken Panyòl -, ak biznis fanm blan ki pa Panyòl posede —te montre inegalite enpòtan sou seri kontra ak apwovizyonman enpòtan ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la. Akoz vil la itilize anpil mezi ak plizyè ras ak netralite seksyèl pou ankouraje patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede nan kontra yo, epi akoz mezi sa yo pa t adrese ase inegalite pou biznis sa yo li ka konsidere itilize minorite – ak biznis fanm posede objektif pou oktwaye kontra endividyle yo. Pou fè sa, vil la ta fikse objektif patisipasyon sou kontra endividyle yo baze sou disponiblite minorite – ak biznis fanm yo posede pou tout kalite travay ki enplike avèk pwojè a ansam avèk lòt faktè yo, e kòm yon kondisyon afektasyon, kontraktè prensipal yo ta satisfè objektif sa yo lè yo fè angajman sou-kontra yo avèk minorite ki sètifye yo – ak biznis fanm yo posede nan kad apèl dòf yo oswa nan demonstre efò bòn fwa sifilan pou fè sa. Vil la ta konsidere etabli objektif patisipasyon sou tout kontra enpòtan ak acha yo oswa sèlman sou kalite kontra patikilye (egzanp., sou kontra konstriksyon yo, sa ki konte pou preske mwatye nan depans Vil la). Akoz itilizasyon objektif sa yo ta konsidere kòm yon mezi ki teni kont de ras ak sèks, Vil la ap bezwen pou asire ke itilizasyon mezi sa yo reponn avèk *egzamen estanda revizyon strik* konstitisyonèl.

**3. Règleman sou acha yo.** Lwa lokal ak eta bay Vil la otorite pou etabli règleman ki pi detaye sou acha pase sa yo ki te etabli daprè Chapit 30B nan Lwa Jeneral Massachusetts, ak règleman amelyore sou acha ki kapab ede vil la angaje pi efikasman, ak ankouraje patisipasyon minorite – ak biznis fanm yo posede nan kontra li yo. Vil la ta dwe konsidere devlope pwòp manyèl apwovizyonman I pou asire ke tout departman yo itilize règleman ki konsistan sou apwovizyonman epi angaje aktivman kominote biznis lokal la. Manyèl apwovizyonman an ta dwe enkòpore règleman ki etabli nan Chapit 30B e, jan li apwopriye, lòt egzijans ki kapab plis ankouraje patisipasyon ti biznis yo, enkli anpil minorite – ak biznis fanm yo posede. Gen yon kantite règleman sou apwovizyonman Vil la ta dwe konsidere revize.

- **Ti acha yo.** Ti acha yo pi byen adapte pou ti biznis yo men souvan difisil pou biznis sa yo aprann. Vil la gen otorite pou etabli règleman ki pi detaye sou ti acha yo pase sa yo ki te preskri nan Chapit 30B e li ta dwe konsidere fè sa pou plis ankouraje patisipasyon ti biznis yo nan kontra ak apwovizyonman vil la.
- **Solisitasyon minimòm ak devi.** Chapter 30B egzije pou ajans gouvènman lokal yo mande yon minimòm twa devi pou acha ki vo omwen \$10,000 ak jika nan \$50,000. Vil la ka konsidere ogmante kantite minimòm devi ke anplwaye vil la dwe mande pou acha nan gwosè sa.
- **Piblisite ak sansibilizasyon.** Chapit 30B mande nivo minimòm piblisite pou opòtinite apwovizyonman, tankou afiche opòtinite de semèn anvan dat ouvèti soumisyon an. Odela egzijans sa yo, Vil la lajman pèmèt depatman endividyle yo detèmine ki nivo sansibilizasyon ki apwopriye pou machandiz ak sèvis yo bezwen. Vil la ka etabli kondisyon adisyonèl pou piblisite ak sansibilizasyon pou kalite apwovizyonman spesifik yo.
- **Demann pou pwopozisyon lang (RFP).** Vil la te ka konsidere ajoute langaj ki pi solid nan RFP ak dokiman kontra pou atikile pi efikasman angajman l pou ankouraje ekite nan kontra li yo.
- **Mete ti biznis yo akote.** Rezulta analiz inegalite te endike inegalite enpòtan pou fanm-, Afriken Ameriken -, ak Ameriken Panyòl ki posede biznis sou kontra yo ke Vil la te oktwaye pandan peryòd etid la. Nan limit kote lwa lokal ak eta pèmèt li, vil la te kapab anvizaje pou mete akote sèten ti kontra prensipal pou apèl dòf ti biznis yo pou ankouraje patisipasyon antrepriz yo ki apateni avèk minorite –ansanm avèk biznis fanm posede kòm kontraktè prensipal yo.
- **Dezasosye gwo kontra yo.** Vil la ta dwe konsidere fè efò pou degwoupe kontra prensipal yo ki relativman enpòtan, ak menm sou-kontra yo, an plizyè ti kontra. Kalite efò sa yo ka ogmante opòtinite kontra pou tout ti biznis yo, enkli anpil minorite- ak biznis fanm yo posede.
- **Peman rapid.** Vil la ta dwe konsidere etabli pwosesis peman rapid pou asire peman pou kontraktè prensipal vil la konsidere etabli pwosesis peman rapid pou asire peman kontraktè prensipal nan yon kantite maksimòm jou spesifye apre yo fin aksepte yon resi. Vil la ta dwe konsidere tou pou ajoute egzijans peman rapid sou kontra li yo.

Pou w jwenn detay adisyonèl sou règleman apwovizyonman spesifik, gade Chapit 9.

**4. Biwo SLBE.** Gen kèk konsiderasyon anwo a ki kapab nesesite yon ogmantasyon pèsònèl SLBE nan fason pou aplike efikasman amelyorasyon ki pote nan règleman sou kontra ak mezi pwogram yo. An patikilye, si Vil la kòmanse itilize objektif spesifik kontra pou oktwaye kontra endividyle yo, SLBE ka konsidere anboche anplwaye pou ede avèk fikse objektif ak kontwole konfòmite kontraktè prensipal avèk objektif sa yo an kowòdinasyon avèk Depatman apwovizyonman an. Anplwaye adisyonèl sa yo ta anmezi pou ede SLBE kontinye jere lòt aspè yo nan pwogram sètifikasiyon SLBE, atelye travay devlopman biznis, ak efò sansibilizasyon yo.

**5. Ranfòsman kapasite.** Rezulta nan etid sou inegalite a te endike ke gen anpil minorite – ak biznis fanm yo posede nan zòn Boston men anpil ladan yo gen relativman fèb kapasite pou travay vil la. Vil la ta dwe konsidere diferan asistans teknik, devlopman biznis, konsèy pwoteje, ak pwogram antrepriz

konjwen pou ede biznis yo devlope kapasite ki nesesè pou fè konpetisyon pou relativman gwo kontra ak apwovizyonman vil la.

**6. Koleksyon done.** Vil la ta dwe konsidere kolekte done konplè sou tout sou-kontra yo, kèleswa karakteristik sou-kontra yo oswa keseswa yo se antrepriz biznis minorite posede oswa sètifye (MBEs) oswa biznis fanm yo posede (WBE yo) pou tout kontra prensipal enpòtan yo. Kolekte done sou-kontra yo sou kontra enpòtan yo ap ede asire ke vil la kontwole patispasyon minorite – ak biznis fanm posede nan travay osi egzat ke posib, idantifye lòt biznis ki kapab vin sètifye, ak idantifye pwochen opòtinite sou-kontra pou minorite – ak biznis fanm posede.

**7. Minimòm sou-kontra.** Sou-kontra yo souvan reprezante opòtinite aksesib pou ti biznis yo, enkli anpil minorite – ak biznis fanm yo posede, pou vin enplike nan kontra ak apwovizyonman yon òganizasyon. Men, kont sou-kontra yo pou yon pouvantaj ki relativman piti sou total kontra ak apwovizyonman ke vil la oktwaye. Vil la te kapab konsidere mete sou pye yon pwogram ki egzije kontraktè prensipal yo pou sou-kontra yon pwojè travay nan montan minimòm. Si vil la ta aplike yon pwogram konsa, li ta enkli dispozisyon an bòn fwa ki ta egzije pou kontraktè prensipal yo dokimante efò yo pou idantifye ak enkli posib sou kontraktè nan apèl dòf oswa pwopozisyon yo.

**8. Itilizasyon diferan biznis.** Etid sou inegalite a te endike ke yon pati sibstansyèl nan kontra ak akizisyon vil la te oktwaye a minorite – ak biznis fanm yo posede te lajman konsantre avèk yon kantite biznis ki relativman piti. Vil la ta konsidere ankouraje depatman yo pou mande founisè ke yo pa t janm travay, ak itilize òf ak langaj kontra pou ankouraje kontraktè prensipal yo pou fè menm jan avèk sou-kontraktè yo.

**9. Sètifikasyon soumisyon.** Lwa eta mande ke founisè prensipal yo kap fè soumisyon sou kontra konstriksyon ki vo plis pase \$100,000 aplike pou yon sètifikasyon soumisyon grasa Dvizon Jesyon Antreten Imobilizasyon Commonwealth [Division of Capital Asset Management and Maintenance (DCAMM)]. Sou-kontraktè yo kap resevwa plis pase \$25,000 travay sou gwosè kontra konstriksyon sa obligatwa tou pou aplike pou sètifikasyon DCAMM. Prèv anekdotik endike ke pwosesis sètifikasyon soumisyon an se yon obstak pou anpil ti biznis. Vil la ta dwe konsidere mwayen pou konpanse nenpòt chaj nan sètifikasyon soumisyon an pou pi byen ankouraje patispasyon ti biznis yo, sa ki gen ladan anpil minorite – ak biznis fanm yo posede, nan kontra konstriksyon yo.

**10. Asistans pou kosyon.** Chapit 30B egzije depo kosyon ak kosyon pou anpil kalite acha, sa ki enkli pou relativman ti pwojè konstriksyon yo ki vo plis pase \$25,000. Pwojè nan gwosè sa yo relativman pi aksesib pou ti biznis yo men òf depo ak egzijans kosyon ka prezante yon obstak enpòtan pou ti biznis yo. Vil la ta dwe konsidere ofri depo soumisyon ak asistans kosyon pou ti biznis yo pouswiv travay nan Vil la. Vil la kapab fè patenarya avèk òganizasyon lokal yo ki te deja etabli pwogram prè ak kosyon pou fè asistans kosyon an vin pi aksesib pou ti biznis yo fè apèl dof sou kontra Vil la. Altènativman, Vil la te ka etabli pwòp depo òf li ak pwogram asistans kosyon daprè Pwogram SLBE.